**दिन—रविवार** **दिनांक—03.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे विधानसभा मे नेताप्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव काल्हि पटना मे संवाददाता सम्मेलन मे जे मतदाता पहचान पत्र देखौने छलाह ओ आधिकारिक नहि अछि। आयोग श्री यादव के एकर जांचक लेल मतदाता कार्डक प्रति उपलब्ध करेबाक लेल कहलक अछि। दीघा विधानसभा निर्वाचन क्षेत्रक निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी एहि संबंध मे राष्ट्रीय जनता दल नेता के एक पत्र प्रेषित कयलनि अछि। ईआरओ गौरव कुमार अपन पत्र मे कहलनि अछि जे तेजस्वी प्रसाद यादव के ईपीक संख्या आरएबी शून्य चारि पांच छओ दू दू आठ अछि आ हुनक मतदान केन्द्र बिहार पशु विज्ञान विश्वविद्यालय स्थित पुस्तकालय भवनक केन्द्र संख्या दू सय चारि अछि। विदित अछि जे श्री यादव काल्हि संवाददाता सम्मेलन मे आरोप लगौने छलाह जे हुनक नाम मतदाता सूची प्रारूप मे सम्मिलित नहि कयल गेल अछि। एकर बाद पटना के जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिलाधिकारी डॉक्टर त्याग राजन एसएम एकर खंडन कयने छलाह।

---

तेजस्वी प्रसाद यादव अपन मतदाता पहचान पत्र ईपीक कार्ड के लऽकऽ विवाद मे फँसि गेलाह अछि। एनडीए के नेता लोकनि आरोप लगौलनि अछि जे फर्जी भोटर कार्ड के लऽकऽ तेजस्वी यादव के जवाब देबाक चाही। पार्टीक राष्ट्रीय प्रवक्ता अजय आलोक चुनाव आयोग सँ संज्ञान लेबाक आ तेजस्वी यादव पर दू मतदाता पहचान पत्र राखबा के लऽकऽ मोकदमा करबाक मांग कयलनि। पटना स्थित भाजपा मुख्यालय मे संवाददाता सम्मेलन मे एनडीए के प्रवक्ता लोकनि कहलनि जे दू पहचान पत्र राखब एक संज्ञेय अपराध अछि। एहि लेल एहि मामिला मे कार्रवाई हेबाक चाही। संवाददाता सम्मेलन मे जदयू, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा के प्रवक्ता सेहो उपस्थित छलाह।

---

राज्य मे मतदाता प्रारूप सूची के प्रकाशनक बाद लोक सभ सँ दावा—आपत्ति के आवेदन लेल जा रहल अछि। प्रखंड कार्यालय, नगर निकायक कार्यालय आ अंचल कार्यालय

मे विशेष शिविर लगाकऽ आवेदन लेल जा रहल अछि। आयोग कहलक अछि जे जाहि पात्र मतदाता लोकनिक नाम सम्मिलित हेबा सँ छुटि गेल अछि ओ आवेदन दऽकऽ अपन नाम जोड़बा सकैत छथि। एम्हर, चुनाव आयोग कहलक अछि जे प्रारूप सूची के प्रकाशनक बाद सँ आइ धरि कोनो राजनीतिक दल कोनो आपत्ति दर्ज नहि करौलनि अछि। आयोगक अनुसार एखन धरि नओ सय एकतालीस पात्र मतदाता लोकनि दावा–आपत्ति के लेल आवदेन कयलनि अछि। आयोग जनौलक अछि जे अठारह वर्ष पूरा कऽ चुकल चारि हजार तीन सय चौहत्तरि युवा लोकनि मतदाता सूची मे अपन नाम जोड़ेबाक लेल फॉर्म छओ जमा कयलनि अछि।

———————————————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता, पूर्व मंत्री तथा दरभंगा के कुशेश्वर स्थानक विधायक डॉक्टर अशोक राम आइ जनता दल यूनाईटेड मे सम्मिलित भऽ गेलाह। जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा आ प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा हुनका आइ पटना मे पार्टी मुख्यालय मे आयोजित समारोह मे पार्टीक सदस्यता दिऔलनि। डॉक्टर अशोक राम कांग्रेस नेतृत्व सँ असंतुष्ट छलाह।

———————————————————————————————

प्रदेशक बेसीतर भाग मे मॉनसूनक सक्रियता सँ लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला दू दिन धरि उत्तर बिहारक कतेको जिला मे अतिसय वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि। विभाग आइ पटना, नवादा, रोहतास, मुजफ्फरपुर, सीतामढ़ी, किशनगंज, भागलपुर आ समस्तीपुर जिलाक कतेको स्थान पर भारी वर्षा हेबाक संभावना जनौलक अछि। एहि दरमियान तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटा के गति सँ हवा चलबाक आ ठनका खसबाक सेहो आशंका अछि।

———————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्य मे बाढ़िक स्थिति के लऽकऽ आपदा प्रबंधन विभागक अधिकारी लोकनि के आवश्यक निर्देश देलनि अछि। मुख्यमंत्री आइ विभागक अधिकारी लोकनिक संग बैसक मे नदी सभक बढ़ैत जलस्तर के लऽकऽ अलर्ट मोड मे रहबाक लेल कहलनि अछि।

———————————————————————————————

राज्य मे मॉनसूनक सक्रियता सँ पछिला किछु दिन सँ लगातार भऽ रहल वर्षा के कारण गंगा, सोन, गंडक, बूढ़ी गंडक, बागमती, कमला बलान आ कोसी सहित आनो नदी सभक जलस्तर मे वृद्धि भऽ रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पटना जिलाक गांधी घाट मे गंगा नदीक जलस्तर खतराक निशान सँ बियालीस सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल अछि। ओतहि, जिलाक के श्रीपालपुर मे पुनपुन नदीक जलस्तर खतराक निशान सँ छत्तीस सेंटीमीटर ऊपर अछि। खगड़िया जिला मे बूढ़ी गंडक नदीक जलस्तर आइ भोरे खतराक निशान सँ आठ सेंटीमीटर ऊपर छल।

---

मधुबनी सँ हमर संवाददाता जनौलनि जे कमला नदी के जलस्तर मे भारी वृद्धि के देखैत अधिकारी लोकनि के सर्तक रहबाक आदेश देल गेल अछि। एम्हर पश्चिम चंपरण मे पानि के दवाब के देखैत प्रशासन लोक सभ के सुरक्षित स्थान पर जयबाक सलाह देलक अछि। ओतहि, भागलपुर मे गंगा नदीक जलस्तर खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे निचुलका ईलाक सभ मे पानि प्रवेश कऽ गेला सँ लोक सभ के दिक्कत बढ़ि गेल अछि।

---

समाप्त